

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Dina pangajaran basa dipikawanoh aya opat aspék kaparigelan basa nya éta maca, nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita. Ieu aspék-aspék téh penting pisan dicangking ku siswa pikeun ngahasilkeun prosés diajar-ngajar anu hadé. Dina opat beungkeutan kaparigelan basa éta, pangajaran aksara Sunda asup kana kaparigelan nulis.

Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu penting pisan dicangking ku siswa, sabab nulis mangrupa alat pikeun komunikasi sacara teu langsung anu diébréhkeun ngaliwatan média tinulis. Pangajaran nulis ogé penting pisan dina kahirupan masarakat ilmiah.

Prosés diajar-ngajar mangrupa prosés anu dilaksanakeun sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal kalayan nyugemakeun, jeung ayana parobahan peserta didik sangkan leuwih hadé. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Djamrah (2006: 10), yén:

*“Belajar adalah proses perubahan perilaku berkat pengalaman dan latihan. Artinya, tujuan kegiatan adalah perubahan tingkah laku, baik yang menyangkut pengetahuan, keterampilan maupun sikap, bahkan meliputi segenap aspek organisme atau pribadi”.*

Aksara Sunda minangka salah sahiji warisan titinggal karuhun anu perlu dimumulé jeung dipiara minangka wujud tina kabeungharan budaya. Sumebarna modél tulisan aksara di lingkungan urang Sunda, sarua jeung sumebarna aksara di lingkungan masarakat Jawa, anu mindeng disebut aksara Cacarakan atawa

Hanacaraka. Nepi ka antukna masarakat Sunda nganggap yén aksara Cacarakan téh nya éta aksara urang Sunda.

Mimitina nu méré pamadegan yén aksara Cacarakan téh minangka aksara urang Sunda nya éta G.J. Grashuis, nu medalkeun buku anu judulna “*Handleiding voor Aanleren van het Soendaneesch Letterschrift*” (Buku pituduh pikeun diajar Aksara Sunda) anu diterbitkeun dina taun 1860. Ieu buku eusina nya éta méré pituduh kumaha carana nulis basa Sunda kalayan ngagunakeun aksara Cacarakan. Kabehdieukeun aksara Cacarakan téh disebut aksara Sunda. Jadi anu ngamimitian ngawanohkeun aksara Cacarakan minangka aksara Sunda téh nya éta Grashuis, salah sahiji urang Walanda anu nalungtik jeung nulis ngeunaan basa Sunda.

Mangtaun-taun aksara Sunda leungit, kaganti ku aksara Cacarakan. Balukarna masarakat Sunda lewih nyaho jeung lewih apal kana aksara Cacarakan tibatan kana aksara sorangan. Malah nu diwanohkeun ka siswa ogé nya éta aksara Cacarakan. Antukna urang Sunda téh beuki teu wawuh waé ka aksarana, dina pikiranana geus napel yén aksara Cacarakan téh nya éta aksara urang Sunda. Kolot-kolot jaman baheula nuduhkeun aksara Sunda téh nya éta aksara Cacarakan. Ahirna nepi ka alam kiwari gé masih réa urang Sunda anu nganggap yén aksara Sunda téh nya éta aksara Cacarakan. Padahal naskah-naskah anu ditulis dina daun lontar atawa daun nipah nu aya di tatar Sunda, nu dipakéna téh nya éta aksara Sunda.

Saenyana mah K.F Hole geus naratas nalungtik naskah-naskah lontar anu aya di tatar Sunda dina taun 1867. Ti dinya Hole nyindekkeun yén dina naskah-naskah nu ditulis dina daun lontar téh maké aksara Sunda kuna. Sabenerna tina

panalungtikan éta geus katingali yén urang Sunda miboga aksara sorangan anu béda jeung aksara Jawa atawa aksara Cacarakan.

Kiwari tarékah pikeun ngawanohkeun jeung ngamumulé aksara Sunda anu mangrupa hasil kreativitas ti karuhun Sunda mangalam-alam katukang diwewegan deui ku Pamarentah Propinsi Jawa Barat, ngaliwatan Peraturan Daérah no 5 taun 2003 ngeunaan pemeliharaan basa, sastra jeung aksara daerah. Ku dikaluarkeunana ieu Perda, jadi dadasar pikeun ngabudayakeun deui nulis aksara Sunda di lingkungan urang Sunda. Kukituna aksara Sunda dijadikeun bagian tina kurikulum pangajaran basa Sunda.

Pikeun ngawanohkeun aksara Sunda ka para siswa, digunakeun rupa-rupa métode. Métode pangajaran mangrupa salah sahiji aspék pikeun ngadukung prosés diajar-ngajar, diantarana aya nu disebut métode latihan. Métode latihan atawa métode *training* mangrupa hiji cara ngajar anu hadé pikeun nerapkeun hiji kabiasaan. Salian ti éta métode ieu ogé digunakeun pikeun meunangkeun hiji kaparigelan, kasempetan, jeung katerampilan.

Dumasar kana éta hal métode latihan penting ditalungtik sangkan kapaluruh hadé henteuna ieu métode pikeun pangajaran aksara Sunda. Kukituna dipiharep ngaliwatan laporan panalungtikan ieu, guru jeung siswa bisa leuwih sumanget dina ngalaksanakeun proses diajar-ngajar, hususna dina pangajaran aksara Sunda .

Panalungtikan nu dilaksanakeun ieu dijudulan: Métode Latihan pikeun Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén di Kelas X SMA Negeri 10 Bandung Taun Ajaran 2011-2012).

## **1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda ngagunakeun metodé latihan. Masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, pedaranana ngawengku kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda antara pratés jeung postés ngagunakeun Méthode latihan, sarta sabaraha béda tingkat kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda antara pratés jeung postés ngagunakeun métode latihan. Anu jadi obyék panalungtikanana nya éta siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung anu dijadikeun dua kelompok, nya éta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Rumusan masalah dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting. Ku kituna, éta rumusan masalah bakal jadi pituduh pikeun panalungtik dina ngumpulkeun data. Rumusan masalah nu ditepikeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung kelas ékspérimén jeung kelas kontrol dina pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métode latihan?
- 2) Naha aya beda anu signifikan dina kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol saméméh jeung sabada sabada ngagunakeun Méthode latihan?
- 3) Naha métode latihan téh éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan nu hayang dihontal dina panalungtikan ieu nya éta pikeun nguji kaéfektifan métode latihan dina nagronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X di SMA Negeri 10 Bandung.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngukur:

- 1) Kamampuh siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode latihan;
- 2) Ngaronjat henteuna kamampuh siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung dina nulis aksara Sunda ngagunakeun métode latihan;
- 3) Parobahan kamampuh siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung dina nulis aksara Sunda antara pratés jeung postés ngagunakeun métode pangajaran latihan;

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan baris ngawewegan jeung ngarojong kana tiori anu patali jeung kaéfektifan métode latihan, pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda. Rojongan kana éta tiori bisa dijadikeun dadasar pikeun mekarkeun panalungtikan dina widang séjénna.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés deui diwincik sababaraha mangpaat anu sifatna praktis, di antarana:

1) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh kaéfektifan hiji métode pangajaran, nya éta kaéfektifan métode latihan pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

2) Pikeun Siswa

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku siswa anu miboga masalah dina pangajaran nulis, hususna nulis aksara Sunda. Panalungtik nyoba pikeun ngagunakeun métode latihan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda, kalayan harepan siswa kataji pikeun daék ngagunakeun aksara Sunda nu bener tur merenah.

3) Pikeun Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh hiji métode anu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda, sangkan leuwih ngirut ati tur nyumangetan peserta didik pikeun nulis jeung ngagunakeun aksara Sunda anu bener tur merenah.

4) Pikeun nu maca

hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan éféktifitas métode latihan pikeun pangajaran aksara Sunda.

#### 5) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda jadi leuwih euyeub ku sarupaning métode pangajaran anu hadé, lantaran ieu metodé kauji ngaliwatan hiji panalungtikan.

### 1.5 Wangenan Istilah

Sangkan teu ngabalukarkeun rupa-rupa tafsiran, perlu dipidangkeun wangenan istilah-istilah anu kauger dina judul panalungtikan, nya éta:

- 1) Kamampuh nya éta kaparigelan siswa dina ngebréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang. Nu dimaksud kamampuh dina ieu panalungtikan nya éta siswa bisa parigel, sarta bisa ngebréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang ngaliwatan tulisan nu ditulis ngagunakeun aksara Sunda;
- 2) Nulis nya éta hiji kagiatan ngébréhkeun ide atawa gagasan ngaliwatan hiji média tinulis. Jadi siswa bisa nulis aksara Sunda kalawan bener tur merenah;
- 3) Métode latihan nya éta métode anu digunakeun pikeun meunangkeun hiji kaparigelan atawa pangaweruh tina hiji bahan ajar. Métode ogé digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda. Dina ieu panalungtikan, metode nu digunakeun nya éta metode latihan.

### 1.6 Métode Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén nu disebut *The Randomized pretest-posttes-control group design* (rarancang tés

awal- tés ahir kelompok kontrol ku sampel acak) (Mcmillan jeung Schumacher, 2001:335).

Desain panalungtikan anu dipaké nya éta *Pretest-Posttest Control Group Design* ku cara milih dua kelompok sacara acak. Kelompok kahiji dibéré perlakuan (X) disebut kelas ékspérimen, sedengkeun kelompok anu teu dibéré perlakuan disebut kelas kontrol.

## **1.7 Sistematika Penulisan**

### **Bab I**

Bab I mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunana panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, métode nu digunakeun dina panalungtikan sacara gurat badagna, jeung sistematika penulisan.

### **Bab II**

Bab II mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar leuwih jero ngeunaan tiori nulis, aksara Sunda, jeung métode latihan. Salian ti éta, dina bab II aya anggapan dasar jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.



### **Bab III**

Bab III mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan kumaha métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan sacara leuwih jembar katut desain panalungtikanna, variabel jeung wangenan operasionalna, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, populasi jeung sampel panalungtikan, ogé kumaha carana ngolah data hasil panalungtikan. Salian ti éta, bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV miboga pakuat-pakait anu tangtu.

### **Bab IV**

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun. Hasil atawa henteuna panalungtikan bisa katitén tina bab ieu.

### **Bab V**

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun pikeun nu maca. Éta saran téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.